

# **Seksyon 8 Demand pou Chanje Kay**



**Legal Services of Greater Miami, Inc.**

**Pwojè Dwa Lokatè**

## **KISA SEKSYON 8 DEMAND POU CHANJE KAY YE?**

Biwo Seksyon 8 lan dwe ba w pèmision pou w lwe yon lòt kay oswa yon apatman. Sa rele Chanje Kay. Biwo Seksyon 8 ap ba w pèmision pou w demenaje si:

- Kay oswa apatman w'ap lwe a pat pase yon enspeksyon, epi Seksyon 8 lan sispann peye pwopriyete a.
- Kontra lwaye w la pral fini, epi pwopriyete a pa vle rantre nan yon lòt kontra avè w pou yon lòt ane.

## **KOMAN YON LOKATÈ KAPAB GENYEN YON CHANJMAN KAY?**

Pou w kapab genyen yon chanjman kay fòk ou fè etap sa yo:

- Ale nan biwo seksyon 8, epi konplete papye ki gen pou wè ak papye Chanjman kay san pèdi tan. Genyen yon fòmilè Seksyon 8 pou Miami Dade nan bwochi sa.
- Biwo seksyon 8 la pral ba ou yon pakè Demand pou apwobasyon lokasyon (RFTA). Si bon an soti Miami-Dade, w'ap genyen pou w vini nan yon sesyon.
- Lè ou jwenn yon nouvo pwopriyete, l'ap genyen pou li ranpli RFTA a.
- Oud we pran RFTA a ale avèk li nan biwo Seksyon 8. Ou genyen 60 jou pou aprè dat ki sou RFTA a pou w retounen li nan biwo Seksyon 8 lan.

## **APRÈ LOKATÈ A FIN BAY PAKÈ POU APWOBASYON LOKASYON KAY LA, KISA BIWO SEKSYON 8 KAPAB FÈ?**

Après seksyon 8 fin resevwa demand pou apwobasyon lokatè a ou voye a, Seksyon 8 ap fè de bagay:

- Seksyon 8 ap enspekte kay ak apatman an andan ak deyò, pou yo kapab asire yo ke li an sekirite epi ki gen tout kondisyon pou moun kapab viv ladan l. Enspektè yo kapab verifye chanm yo, koulwa, antra, twalèt ak enstalasyon kizin yo, fenèt, griyaj, plòg eletrik, detektè dife, ak lòt pati nan kay la pou kapab asire yo ke an bon eta.
- Seksyon 8 ap fè yon ankèt lojman an epi asire yo ke lwaye a rezonab.

Si lojman a pase enspeksyon an, epi seksyon 8 deside ke kòb lwaye a rezonab, ou kapab siyen yon kontra lwaye ak yon nouvo pwopriyete. Lè ou fin siyen kontra lwaye a, w'ap kapab ale nan nouvo kay ou a.

## **KISA KE YON ANKÈT LWAYE?**

Seksyon 8 ap konpare kantite kòb lwaye pwopriyete a mande w ak lòt lwaye ki sanble ak pa w la nan zòn nan. Yo rele sa yon ankèt lwaye. Si kantite kòb lwaye pwopriyete a mande w lan plis pase lòt lojman ki genyen nan menm zòn nan, Seksyon 8 pap kite w lwe li.

## **ESKE OU KAPAB ALE NAN YON NOUVO PWOPRIYETE LWAYE ANVAN SEKSYON 8 APWOUVE LI?**

Ou pap kapab ale nan nouvo pwopriyete lwaye an anvan Seksyon 8 ba w pèmision pou fè. Si ou rantre nan kay la anvan seksyon aprouve li, w ap genyen pou w peye tout kòb lwaye a. Si pwopriyete a di ke li pap fè w peye lwaye si ou rantre nan kay la avan lè, fòk ou genyen sa sou papye.

## **E SI M PA KAPAB JWENN YON PWOPRYETÈ NAN 60 JOU?**

Si ou pa kapab jwenn yon pwopryetè nan 60 jou aprè ou fin resevwa RFTA a, ou kapab mande Seksyon 8 plis tan pou w kapab jwenn yon nouvo pwopryetè. Demand dwe fèt 10 jou avan RFTA a ekspire. Ou dwe ekri pou w eksplike poukisa pou bezwen plis tan. Fò w toujou kenbe yon kopi nan dosye pèsònèl ou. Demand a lekri sa ap eksplike poukisa ou pat kapab jwenn yon pwopryetè nan 60 jou. Si ou pa kapab jwenn yon kay paske ou genyen yon andikap, demand ou an dwe genyen sa ladan l.

Aprè yo fin resevwa demand sa pou yo kapab ba w plis tan, Seksyon 8 kapab ba ou 30 jou ankò pou w jwenn yon nouvo pwopryetè. Si aprè 30 jou, ou ka pa kapab jwenn yon pwopryetè, Seksyon 8 ap ba w 120 jou pou w jwenn yon nouvo pwopryetè.

Fòk ou note ke Seksyon 8 nan Miami-Dade ap ba w yon ekstansyon sèlman pou premye 60 jou yo si genyen “sikonsans enpòtan” oswa si ou bezwen yon ekstansyon a koz yon andikap.

## **KISA POU W FÈ SI PWOPRYETÈ VLE POU W KITE KAY LA ANVAN OU JWENN YON LÒT KOTE POU W VIV?**

Pwosedi pou yo chanje apwobasyon pou w chanje kay kapab pran ant kèk semèn oswa plizyè mwa; sa depann de otorite lojman yo. Ansyen pwopryetè a kapab mande w pou w kite kay la pasek pwosedi a fini.

Lè ou ale nan Seksyon 8 pou yo resètifikasyon chak ane, oud we mande pwopryetè si li gen plan pou l renouvle kontra lwaye w la. Si pwopryetè a pa vle renouvle kontra lwaye a, oud we mande yon chanjman kay nan Seksyon 8, san pèdi tan.

Ou dwe li tèm ki genyen nan kontra w la pou w wè konbyen tan preavi pwopryetè a dwe ba ou si li pa gen entansyon pou l renouvle kontra w la. Si ou se yon lokatè ki peye pa mwa, alòs pwopryetè a sèlman genyen pou l ba w 15 jou preavi pou w kite kay la. Si wap viv Miami Beach, ou dwe bay 30 jou preavi. Si ou pa kite kay la anvan peryòd preavi pwopryetè a te ba ou a, pwopryetè kapab soumèt yon eviksyon kont ou. Pwopryetè a pa kapab fòse w kite kay la san li pa gen otorizasyon tribinal la epi mande jij la bay lòd pou yo mete w deyò.

Ou dwe chèche jwenn yon asitans legal si ou panse pwopryetè ap eseye koupe kontra lwaye a oswa mete w deyò mal nan kay la. Pa inyore yon eviksyon. Li enpòtan anpil pou w konteste yon eviksyon ilegal. Si yo mete w deyò nan kay seksyon 8, ou kapab pèdi papye otorizasyon seksyon 8 ou genyen an.

Ou dwe kontakte Legal Services si pwopryetè voye ba w yon notifikasyon pou l koupe kontra lwaye a oswa si pwopryetè a depoze yon plent eviksyon kont ou. Ou dwe li bwochi Legal Services ki rele “Kijan pou m reponn yon ka eviksyon”, pou w kapab byen konprann pwosedi eviksyon an.

## **ESKE OU KAPAB GENYEN YON CHANJMAN KAY SI APATMAN OU GENYEN AN PAT PASE ENSPEKSYON ANYÈL LAN?**

Pafwa, yon apatman oswa yon kay pa pase enspeksyon anyèl lan paske pwopryetè a pa respekte yon règ. Si pwopryetè a pa ranje vyolasyon sa yo pandan dezyèm enspeksyon an, ou kapab genyen yon chanjman kay. Ou dwe li bwochi Legal Services ki di “Estanda Kalite Seksyon 8 pou Enspeksyon” pou w kapab pi byen konprann pwosedi enspeksyon an.

## **KISA OU DWE FÈ SI OU BEZWEN KITE KAY LA ANVAN SEKSYON 8 APWOUVE NOUVO APATMAN AN?**

Ou kapab fè tout bagay jan ou ta sipoze fè yo, epi malgre sa ou pa genyen yon nouvo kay pou w viv lè pwopriyete a mande w kite kay la. Yon pwopriyete dwe soumèt yon demand eviksyon kont ou pou li kapab mete w deyò nan kay la. Si w pa ta vle gen pou w al nan yon tribinal pou ki egzekite eviksyon an, ou ta vle ale kay yon fanmi oswa zanmi pandan w'ap chèche yon lòt kay pou w viv avèk papaya Seksyon 8 lan. Sepandan, si ou genyen yon papye seksyon 8 pou Miami-Dade County, ou pa ta dwe demenaje: Si papye a ekspire anvan ou jwenn yon nouvo kay epi ou pap viv nan kay la ankò, w'ap pèdi èd Seksyon 8 lan.

## **ESKE PWOPRIYETÈ SEKSYON 8 LA KAPAB FÈ W PEYE YON DEPO SEKIRITE?**

Yon pwopriyete seksyon 8 kapab chaje yon lokatè pou l peye depo sekirite. Si ou pap kapab peye depo sekirite a anvan ou rantre nan kay la, ou dwe mande pwopriyete si w kapab peye yon pati nan depo sekirite a chak mwa, ansanm ak lwaye kay la. Sepandan, si pwopriyete a vle pou w peye tout depo sekirite an anvan ou rantre nan apatman an, ou dwe fè sa.



Carlos A. Gimenez, Mayor  
[www.miamidade.gov](http://www.miamidade.gov)

Public Housing and Community Development  
 Miami-Dade Housing Choice Voucher Program

P.O. Box 521750  
 Miami, FL 33152-1750  
 TTD/TTY Florida Relay Service  
 1-800-955-8771 or Dial 771

Customer Service Number: 305-403-3222/ Fax: 786-358-5893  
 Si necesita ayuda con este formulario, llame al 305-403-3222  
 Si w bezwen asistans ak fòm sa a, tanpri rele 305-403-3222

## Intent to Move – Change of Dwelling Request

The family listed below has advised MDHCV of its intent to move. MDHCV requires this Intent to Move-Change of Dwelling Request form to be completed by MDHCV family to verify the family’s notice of its intent to move and the family’s current status with lease compliance. Families not in compliance with HCV program and lease obligations may not be eligible to move. The HAP contract and HAP payments terminate automatically when the family moves from the unit.

### HCVP FAMILY HEAD OF HOUSEHOLD COMPLETE THIS SECTION ONLY

I, \_\_\_\_\_ MDHCV participant, certify that I have provided notice of termination as  
*Head of Household Name*  
 required by the lease to the owner/agent, and to the Miami-Dade Housing Choice Voucher Program of my intent to move.

I am attaching a copy of my notice to the owner/agent, which was submitted to him/her on \_\_\_\_\_  
*Date*

for the unit located at: \_\_\_\_\_  
*Property Street Address City State Zip Code*

By \_\_\_\_\_, I intend to be fully moved out and will return possession of the unit at the above address.  
*Month/Day/Year*

#### Select reason for move:

- |  |   |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Unit is in abatement for HQS violations                           | <input type="checkbox"/> Family is over/under housed  |
| <input type="checkbox"/> Reasonable Accommodation/VAWA                                     | <input type="checkbox"/> Foreclosure – Final Judgment |
| <input type="checkbox"/> Payment standard reduction- tenant portion exceeds 40% of income. | <input type="checkbox"/> Voluntary                    |
|  | <input type="checkbox"/> Other: _____                 |

I/We certify that the information given to the Miami-Dade Housing Choice Voucher Program is accurate and complete to the best of my/our knowledge and belief. I/We understand that false statements or information are punishable under Federal law. I/We also understand that false statements or information are grounds for termination or participation in the Housing Choice Voucher Program.

\_\_\_\_\_  
*Head of Household Signature*

\_\_\_\_\_  
*Phone Number*

\_\_\_\_\_  
*Date*

#### Notes:

- The Housing Choice Voucher Program will not process Intent to Move – Change of Dwelling request unless it is accompanied by a copy of notice to vacate the unit, which has been submitted to the owner/landlord. Please note that the notice to vacate must be submitted to the owner/landlord at least sixty (60) days prior to the intended vacancy date.
- Are there any changes to your household income or family composition? If yes, your Interim change must be processed prior to the issuance of your COD. A Request for Interim Recertification form may be obtained by visiting our office located at 7400 Corporate Center Drive (NW 19<sup>th</sup> Street) Miami, FL 33126 Monday through Friday 8:00AM – 5:00PM or our website [www.miamidade.gov/housing/housing-choice-voucher.asp](http://www.miamidade.gov/housing/housing-choice-voucher.asp)

#### Guidelines for 60 Day Notice

The following is to be included in the “60 Day Notice”.

- |                  |                              |
|------------------|------------------------------|
| 1. Tenant Name   | 4. Owner Contact Information |
| 2. Client Number | 5. Unit Address              |
| 3. Owner Name    | 6. Titled “60 Day Notice”    |

\*Please note that if a COD request is submitted 60 days prior to the lease effective date, it will not be denied.

\*\* If the Notice does not include the above guidelines, it will not be accepted.

